

# Alternate ACCESS for ELLs Kijan pou Konprann Nòt Pitit Ou a

Alternate ACCESS for ELLs se yon egzamen pou konpetans nan lang Anglè ki mezire konpetans akademik elèv ki gen andikap koyitif ki pi grav yo genyen nan lang Anglè.

- Lekòl, distri lekòl yo, ansanm ak eta yo itilize nòt egzamen ACCESS for ELLs yo lè y ap deside ki sèvis sipò yo dwe bay nan lang Anglè.
- Pwofesè yo itilize nòt egzamen yo lè y ap deside kijan pou yo pi byen anseye pitit ou a.
- Ou kapab itilize nòt egzamen yo pou defann pitit ou a.



Rapò Elèv Endividyèl la montre nòt Alternate ACCESS for ELLs pitit ou a nan uit (8) kategori diferan. Kat nan kategori sa yo se domèn lengwistik Tande, Pale, Lekti, ak Ekriti. Nòt kat domèn lengwistik sa yo konbine pou kreye kat tip nòt adisyonèl:

- Kategori lang oral la se yon konbinezon nòt pitit ou a fè nan domèn Konpreyasyon Oral (Tande) ak Ekspresyon Oral (Pale).
- Kategori literasi a se yon konbinezon nòt pitit ou a fè nan domèn Lekti ak Ekriti.
- Kategori konpreyasyon an se yon konbinezon nòt Konpreyasyon Oral (Tande) ak Lekti pitit ou a. Li depann plis de nòt Lekti pase nòt Konpreyasyon Oral (Tande) a.

## ELL

Yon Elèv k ap Aprann Lang Anglè, oswa ELL, se yon elèv ki gen opòtinite pou l resevwa ansèyman nan lang Anglè, anplis de lòt kou l ap swiv yo. Yo administre egzamen pou ELL yo chak ane pou ede pwofesè yo konprann konpetans lengwistik yo genyen yo, men ou gen dwa pou aksepte oswa refize sipò lengwistik la.

## Domèn Lengwistik

Elèv yo itilize konpetans yo genyen nan domèn konpreyasyon oral (tande), ekspresyon oral (pale), lekti ak ekriti pou yo aprann kontni akademik, pataje enfòmasyon ak pou yo diskite ide. Konpetans sa yo se yon seri konpetans ke tout elèv travay sou yo pandan tout pakou edikatif yo. Evalyasyon lengwistik mezire konpetans yon elèv genyen nan toulekat domèn sa yo.

- Kategori global la se yon konbinezon de toulekat nòt nan domèn lengwistik yo. Li plis depann sou nòt pou domèn Lekti ak Ekriti a pase nòt pou domèn Konpreyasyon Oral (Tande) ak Ekspresyon Oral (Pale) la.

Pou chak grenn nan uit kategori ki nan Rapò Endividyèl Elèv la, gen de (2) nòt:

- Nòt sou nivo Konpetans yo plase konpetans aktyèl pitit ou a nan sis Nivo Konpetans Altènatif nan Lang Anglè WIDA yo. (Nivo konpetans yo pa gen rapò ak nivo klas elèv la.) Nan twazyèm paj Rapò Endividyèl Elèv la, w ap jwenn deskripsyon sou konpetans lengwistik ki tipik pou chak nivo konpetans.
- Nòt alechèl yo se mezi presi yo ye sou pèfòmans pitit ou nan egzamen an. Yo pran an konsiderasyon nivo klas pitit ou ansanm ak difikilte kesyon yo te poze nan egzamen ke pitit ou a te fè a. Pwofesè yo itilize nòt sa yo pou yo konprann ki nivo pwogrè pitit ou fè nan konpetans nan Lang Anglè depi dènye fwa li te pran egzamen Alternate ACCESS for ELLs yo.

## Konpetans Lengwistik

Yon konpetans lengwistik se yon evalyasyon ki montre nan ki nivo elèv yo ye nan pwosesis kontini pou yo devlope konpetans lengwistik yo. Lè elèv yo atenn pi wo nivo konpetans lengwistik yo, yo pa bezwen sèvis sipò lengwistik yo ankò.

## Kesyon w ka poze

- Kisa nòt sa a vle di? Ki moun ki pral wè nòt sa a epi kijan yo pral itilize l? Poukisa gen yon nòt ki manke?
- Kijan nòt ane sa a konpare ak nòt presedan yo? Èske pitit mwen an ap fè pwogrè nan devlope konpetans nan lang Anglè? Ki lòt enfòmasyon ou itilize pou mezire pwogrè?
- Nan ki fason aprantisaj lang Anglè a koresponn ak lòt konpetans ke pitit mwen an ap aprann yo? Nan ki nivo sipò lengwistik la diferan ak lòt sipò komunikasyon ke pitit mwen an resevwa?
- Èske nòt sa a pral chanje ansèyman an oswa sipò ke pitit mwen an resevwa? Kijan w ap detèmine ki lè pitit mwen an dwe sispann resevwa sipò lengwistik la?

Distri lekòl la ap itilize nòt **Alternate ACCESS for ELLs** yo pou evalye pwogram sipò lengwistik yo, sipèvizè pwogrè elèv yo, epi kòm yon faktè nan desizyon pou retire yon elèv nan sèvis sipò lengwistik yo. Tès Alternate ACCESS for ELLs la pèmèt lekòl yo reponn ak egzijans responsablite federal ak eta yo.